



Eva Mitchell  
Chief of Accountability (Chèf Kontrandi)  
Boston Public Schools  
2300 Washington Street  
Boston, MA 02119

Chè Madam Mitchell,

Nan non kominote lekòl Eliot K-8 Innovation School, ki enkli Konsèy Administrasyon an, sa ban nou plezi pou n soumèt nouvo Pwopozisyon Inovasyon sa a pou n fè yon demann pou kontinyasyon Otonomi nou yo pou pwochen peryòd senkan an, de 2023 jiska 2027. Divès materyèl pwopozisyon nou an enkli yon plan enskripsyon ajou ansanm ak vòt presedan Komite Skolè Boston an, ki te fèt an 2016.

Lekòl Eliot K-8 Innovation kontinye ap reyimajine, nan yon fason radikal, fiti aprantisaj, ki konekte avèk fiti travay, ak tout yon konsantrasyon presi tankou yon lazè sou afè ekite ak aksè nan bonjan kalite edikasyon. Misyon nou se founi yon pakou aprantisaj ki konplètman enklisif, amizan, e solid, ki k ap prepare tout elèv pou yo kapab atenn tout potansyèl yo nan fason yo anbrase idantite yo, devlope konpetans entèdisiplinè pou 21yèm syèk la, e aplike yon mantalite antirasis ki ranfòse avèk konesans, dekwa pou yo kapab patisipe, nan yon fason aktif, nan yon mond kiltirèlman divès, konplike, k ap pede chanje.

Antanke yon Lekòl Inovasyon depi 2022, nou arive optimize otonomi akòde yo nan plan n yo pou n kontinye evalye pwogram nou yo, repete, e amelyore, dekwa pou n kapab yon enkibatè pou inovasyon. Antanke yon lekòl ki arive grandi sot nan 324 elèv nan 2 bilding an 2012 pou rive nan plis pase 800 elèv nan twa bilding an 2021, nou kontinye ap devlope pwochèn pratik nou nan sèvi kominote nou.

Pandan nevan ki sot pase yo, nou arive anbrase otonomi n yo pou n kreye divès eksperyans aprantisaj otantik e inovatris pou elèv nou yo, pou n atenn, nan yon fason efikas, chak grenn aprenan divès nan lekòl nou an. Siksè nou evidan pa sèlman nan kwasans enskripsyon ak retansyon nou wè yo, men nou kapab wè l tou nan nivo konpetans yo nan egzamen MCAS la, kote ke n ap pèfòme pami 25% sila yo ki pèfòme pi

LOWER SCHOOL (K1- GRADE 1)

16 CHARTER STREET, BOSTON, MA 02113  
TEL. 617-635-8545

INTERMEDIATE SCHOOL (GRADES 2-4)

173 SALEM STREET, BOSTON, MA 02113  
TEL. 617-635-8912

UPPER SCHOOL (GRADES 5-8)

585 COMMERCIAL STREET, BOSTON, MA 02109  
TEL. 617-635-8912

[ELIOTK8SCHOOL.ORG](http://ELIOTK8SCHOOL.ORG)



byen nan eta a.

Pandanke n ap rantre nan pwochèn peryòd nou kòm yon Lekòl Inovasyon, nou gen plan pou n eksplwate sa nou te aprann pandan dizan ki sot pase yo pou n vanse devan pou n kreye pwochèn pratik yo. Otonomi akòde n yo ap bay elèv nou yo sipò pou yo devni elèv 21yèm syèk ak sitwayen mondyal ki va evolvyè nan mond sila nou an k ap pede chanje a. Antanke yon enkibatè inovasyon, nou espere pataje pratik pisan n yo nan tout reyon n nan ak distri nou an.

Kominote sousye elèv, manm pèsònèl, fanmi, ak patnè lekòl Eliot School nou yo prezante pwopopizisyon sa a avèk anpil antouzyas avè w ak lidè Lekòl Piblik Boston yo, enkli Komite Skolè Boston an. N ap kontinye pran angajman pou n avanse inovasyon ak ekite edikasyonèl, ansanm ak kreyasyon yon espas kote aprantisaj, pataj, ak kwasans ansanm kapab fèt.

Sensè salitasyon,

Traci A. Walker Griffith

Direktris Egzekitif

LOWER SCHOOL (K1- GRADE 1)

16 CHARTER STREET, BOSTON, MA 02113  
TEL. 617-635-8545

INTERMEDIATE SCHOOL (GRADES 2-4)

173 SALEM STREET, BOSTON, MA 02113  
TEL. 617-635-8912

UPPER SCHOOL (GRADES 5-8)

585 COMMERCIAL STREET, BOSTON, MA 02109  
TEL. 617-635-8912

[ELIOTK8SCHOOL.ORG](http://ELIOTK8SCHOOL.ORG)